ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№37 (23.195) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, бэрэжьей • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. хуэзащ Дунейпсо Ислъам Миссием и тхьэмадэ Пщыхьэщ Іэ Шафихь

КъБР-м и Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ щыхуэзащ Дунейпсо Ислъам Миссием и тхьэмадэ, Кавказ Ищхьэрэм и муслъымэнхэм я ЗэзыгъэуІу центрым и генеральнэ лІыкІуэу Москва щыІэ Пщыхьэщ Іэ Шафихь.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ цІыхубэм я зэхэщІыкІыр къэІэтынымкІэ, республикэм лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэр щыхъуэмэныкІэ диным иІэ мыхьэнэм хэгъэхъуэным пыщІа Іэхуэхэм.

КъуэкІыпІэ Гъунэгъуэм щытыкІэ гугъу зэрещІысэтеувам, Урысейм террористхэм я зэгухьэныгъэу къыщалъыта ДАИШ-м (ИГИЛ-м) иригъэкІуэкІ щІэпхъаджагъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри зэрыхэтым къыхэкІыу гулъытэ хэха хуащІащ экстремизмэм и идеологием щІалэгъуалэр емыгъэтхъэкъуным и лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм. КъызэралъытамкІэ, ар иджыпсту къэув къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым
Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым хэгъэхъэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къэжэр Хъусен Хьэмид и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 25-м
№423-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым
Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІыр хэхьиным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІу хэхьиным **Къэжэр Хъусен Хьэмид и къуэр**.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 22-м
№424-П-П

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Мэкъумэш Іэнатіэр къыхэтхыкІынымкІэ хабзэ мардэхэр ягъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм законэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и унафэщІ Егоровэ Татьянэ.

ДЕПУТАТХЭР хэплъащ «Граждан щытыкІэмкІэ актхэр къэралым итхынымкІэ къэрал полномочиехэр КъБР-м зэрыщагъэзащІэм и Іуэхукі э» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектым. Документым еубзыху гражданым щытыкІэхэмкІэ актхэр къэралым итхынымкІэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр дэгъэкІынымхуэхэм субвенцэхэр къызэрабж методикащІэ, апхуэдэу граждан щытыкІэмкІэ актхэр къэралым итхынымкІэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр ягъэзэщІэн папщІэ КъБР-м и республикэ бюджетым къыхэкІыу муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм, къуажэхэм я бюджетхэм псори зэхэту хуауТІыпщыну субвенцэхэр зыхуэдизыр.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкі э, къэрал хуэхІэмкІэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и комитетым и унафэщІ Мэлбахьэ Борис зэІущІэм къыщыхилъхьащ «Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм административнэ комиссэхэр къызэгъэпэщІынымрэ ахэр гъэлэжьэнымкІэ, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я къулыкъущІэхэм ящыщу административнэ къуаншагъэхэмкІэ протоколхэр тхыныкІэ хуитыныгъэ зиІэхэр убзыхуныкІэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» законопроектым. Абы ипкъ иткІэ къыхалхьэ КъБР-м и Законыр «Урысей Федерацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнырэ къыщызэгъэпэщІынымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукі э» Федеральнэ закон №131-ФЗ-м и Іыхьэ 4-м, КъБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 8 - 9-нэ Іыхьэхэм егъэзэгъыжьын хуейуэ.

«2016 гъэм Урысейм мэкъумэш Іэнатіэр къыщыхэтхыкІынымкІэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым и Іуэхукі э» зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсебэпыныжьмкІэ, щІы Іуэхуэхэмкі э и комитетым и унафэщІ Мокаев Кемал. Абы зэрыжиІамкІэ, мэкъумэш Іэнатіэр Урысей псом къыщыхэтхыкІынымхэм хухах субвенцэхэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къыгъэсэбэпын, «Урысейм 2016 гъэм мэкъумэш Іэнатіэр къыщыхэтхыкІынымкІэ лэжьыгъэхэм КъБР-м и щІыналъэм зыщыхуэгъэхьэзырыныжьмрэ щегъэкІуэкІынымрэ я Іуэхукі э» КъБР-м и Правительствэм и унафэр нэгъэсауэ гъэзэщІэн мурадкІэ нэхъ тэмэму къалъытэ къыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырыныжьмкІэ къэрал полномочиехэр щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм етынымкІэ.

Президиумым хэтхэм къащта унафэм ипкъ иткІэ егъэджэнымкІэ и Іэнатіэм ехъулІэныгъэ инхэр зэрыщІэм папщІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьылъ ираташ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым компьютер технологиехэмрэ интеграл микросхемэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Мустафаев Гасан.

ЗэІущІэм и кІэухым къыщыпсалъэм Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ депутатхэм яку кытыжьыкащ зи щхьэ Іуэхукі э къыхэхуІэу цІыхуэм яхуэзэным жэуапІныгъэ яхэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр. «Ди хэхакІуэхэр дэтхэнэ депутатми езыхэр зыгъэпІейтей Іуэхум теухуауэ бгъэдыхьэну хуитщ икІи абыхэм жэуап убзыхуэ ягъуэтын хуейщ», - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Губгъуэ лэжьыгъэхэр щІагъэхуабжьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм гъатхэсэр гектар мин 200 щІигъум щрагъэкІуэкІынущ. Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ, пасэу хуабэ зэрыхъуам къыхэкІыу вэн-сэныр мазаем и 15-м щІадзащ. Нобэм ирихьэлІэу къэкІыгъэ пасэхэр - хьэр, рапсыр, горохыр, зэнтхъыр гектар мини 2,5-м нэблагъэм трасащ. Гъатхэ лэжьыгъэ псори накъыгъэм и 10-м фІэмыкІыу яухыну я мурадщ.

«Кавказыр нобэ» хъыбарегъащІэ агентствэ.

Налшык аэропортыр зэгъэпэщыжын яухмэ,

абы илъэс къэс цІыху мин 500-м Іуэхутхъэбзэхэр яхуищІэнущ

Кхъухьлъатэхэр зытелъэтыкІ, къыщытІыс губгъуэр зэгъэпэщыжын яуха нэужь абы кхъухьлъатэ нэхъ лъэщ дыдэхэри къыщетІысэхыфынущ. Аэропортым и генеральнэ директор Уэртэн Аслъэн зэрыжиІамкІэ, абы и фІыщІэкІэ цІыхуу мыбы щызэблэкІым я бжыгъэм хэхъуэным и мызакъуэу хьэлъэу щагъэІэпхъуэхэри нэхъыбэ хъунущ.

НЭГЪАБЭ аэропортым «Евгрогруп» компаниемрэ ирищІыпІа зэгурыІуэныгъэр зытеухуар сом мелуан 800 зи уасэ аэровокзал ухуэнырщ. А лэжьыгъэхэр дыззыт илъэсым къриубыдэу зэфІагъэкІыну я мурадщ. Ухуэнырэ лэжьыгъэхэр зэфІэкІа нэужь а комплексым илъэс къэс цІыху мин 500 хуэдиз щызэблэкІыфынущ къалъытэ.

«Русская планета» хъыбарегъащІэ агентствэ

● «Адыгэ псалъэр» къыхьызох

Си ныбжьэгъу пэж

Ди анэдэлъхубзэмкІэ къыдэкІ газетыр илъэс куэд лъандэрэ си ныбжьэгъуф, си чэнджэщэгъуф, «Адыгэ псалъэм» ящІ дыдэу сыщрихьэлІар лІэщІыгъуэ блэкІам и 40 гъэхэрщ. Абы лъандэрэ илъэс 75-м щІигъуаращи, зы махуи къанэркъым а газетыр къысІэрымыхьэу, абы ит тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм гупсэхуу щыгъуазэ захуэзмыщІу.

СОЩІЭЖ: Хэку зауэшхуэр щекІуэкІ лъэхъэнэти, колхозхэтхэр губгъуэм итт, жэщри махуэри я зэхуэдэу. Ахэр вэрт, сэрт, пщІэрт, гъавэ Іуахыжырт, мэкъумылэ ягъэхьэзырырт. Дэ, школакІуэхэр, гъэмахуэ зыгъэпэсхугъуэм, тхьэмахуэ махуэхэм, школ нэужьым абыхэм дэІэпыкъуэгъу дахуэхъуарт: псы къахуэтхьырт, выщхьэтесу, прицепщикыу, комбайнёрым и дэІэпыкъуэгъуу дылажьэрт. Бригадэхэм я учётчикхэу Балъкъыз Хьэжаішэ, Къардэн Башир, ПІуп Хьэжьысмел сымэ лэжьакІуэхэм шэджагъуэ зыгъэпсэхугъуэ къэс къахуеджэрт «Къэбэрдей пэж» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым зауэм теухуауэ тет хъыбархэм, ди къэралым, щыналъэм щекІуэкІ гъащІэр къызыхэщ тхыгъэхэм. Дэри тфІэхьэлэмэтэ дедаІуэрт абыхэм.

Сэ къысхуэмыщІэжми ярейщ ди унагъуэм адыгэ газетыр къыщимыхьа зэман. ЯпэщІыкІэ абы Іэ традзэрт си шыпхъу нэхъыжьхъэм. Абыхэм я фІыщІэкІэ сэри псэкІэ гъунэгъу сыхуэхъуащ «Адыгэ псалъэм» икІи нобэр къызідэсыи гулъытэ хэха хуэощ. Тет тхыгъэхэр сфІэгъэщІэгъэнщ, сфІэщІэщыгъуэщ, сэри си тхыгъэ кудэ кьытохуэ.

А псори фІыт, арщхьэкІэ Іуэхум хэлъщ ар хэплъагъуэ зыщІ гуэрхэри. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, абы и тиражыр нэхъ мащІэ хъуэрэ зэрекІуэкІыр. Илъэс 20 хуэдэ ипэкІэ газетыр мини 10-у, нэхъыбэу кьыдэкІыу щытамэ, иджы абы и бжыгъэр 4000-м щІигъуу араща. Ар дауэ? Дэнэ щыІэ адыгэбзэр зи псэ хэкупсэхэр?

СызэреплъымкІэ, газетым и тиражыр зэрехуэхьи щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ. Ящрауэ, зэпыу имыІэу хохьуэ абы и уасэм. ЕтІуанэрауэ, я улахуэр зэрымащІэм къыхэкІыу ягъуэтыркъым ар къезыхьэкІыну пощтэехьэхэр, газетри и чэзум цІыхухэм яІэрыхьэркъым. Ещанэрауэ, газетым нэхъыбэІуэрэ къытедзэн хуейщ ди гъащІэм хэлъ мыхъумыщІагъэхэм ятеухуа тхыгъэхэри, ар къэрал мылъкур ззэыльэфалІэхэм ятеухуа е цІыху къызэрыгэкІхэм я тхьэусыхафэ ирехъу. Апхуэдэ тхыгъэхэм газетым и пщІэр нэхъри иІэтыну къыщохьу.

Хуабжьу къызохьэлъэкІ «Адыгэ псалъэ» газетыр адыгэ унагъуэ куэдым зэримыхьэр. Ди Джэрмэншык кьуажэр кьэсщтэнщи, абы дэс унагъуэ 809-м ящыщу 700-м нэсыр адыгэщ. АрщхьэкІэ адыгэ газетыр зыІэрыкъэр зэрыхъуэр унагъуэ 15 кьудейщ, «Іуащхьэмахуэ» журналыр зыхуэкІуэр зы унагъуэ закъуэщ. Ар емыкІыкъэ? Совет властым и лъэхъэнэм унагъуэ кьэс газетитІ-щы, зы журнал нэхъ мыхъуми яІэрыхьэу щытащ. Иджы-щэ? Адыгэбзэр курыт школхэм щезыгъэджэжми яхэту кьыщІэкІынщ ди лъэпкъ газет закъуэм Іэ тезымыдзэ. Кьеззэрэ? Лъэпкъ Іуэху зепхуэу, анэдэлъхубзэм и зыужьыныгъэм ухуэлажьэу, ар щІэблэм я деж нэпхьэсу, уэ езым адыгэ газет кьыпхуэмыкІуэу?

Адыгэгурэ адыгэпсэрэ зиІэ дэтхэнэри фыкъыхуэзджэ «Адыгэ псалъэм» Іэ щІэвдзыну. Ди анэдэлъхубзэмкІэ къыдэкІ ди газет закъуэм пщІэ хуэдвгъэщІ!

ЛІУП Нурхьэлий,
Джэрмэншык къуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Гъатхэпэм и 21 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазищым ди газетым и уасэр сом 419-рэ кІэнІей-кІэ 94-рэщ.

Ди индексыр 51531

Узыгъэгузавэ бжыгъэхэр

ООН-м щІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ и комиссарым и Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэм иджыблагъэ хэІущІыІу ищІа бжыгъэхэм гур хагъэщІ, ущыпсэуну щыныгъуэ щІыпІэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум уегъэгужьей.

2014 гъэм и щІышылэм - 2015 гъэм и фокІадэ мазэхэм къриубыдэу Иракым щыщ щІыху мелуанищ мин 200-м щІигъум я хэкур ябгынэн хуей хъуащ. ЩІагъэ ихьэжахэм ящыщу мелуаным щІигъур школ кІуэгъуэ ныбжьым ит ныбжьыщІэхэщ.

«Лажьэ зимыІэ щІыхуэм лемышхуэ къытохьэ, ахэр бэлыхь хагъэтщ. ЗэпэщІэт лъэныкъуэхэм къэралым щрагъэкІуэкІ зауэм илъэсрэ мазийм къриубыдэу хэкІуэдащ щІыху мамыру 18802-рэ, 36245-рэ уІэгъэ хъуащ», - щыжеІэ Іуэхущ Іапі эм и лІыкІуэм Женевэ иджыблагъэ щищІа докладым. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, а бжыгъэхэр куэдкІэ нэхъыбэнкІэ хъунущ, сыту жыпІэмэ, а зауэм хэкІуэда, абы и зэран зэкІа псори къэлъытэгъуейщ икІи щытыкІэм фыы и лъэныкъуэкІэ икІэщІыпІэкІэ зрамыгъэхъуэжмэ, Иракым и щІыхубэм лъэпкъгъэкІуэд политикэ кІэлъыІэзэрахьэу кьэпльытэхунущ.

Нэхъ лъапІэ хъуами

Мазае кІуам кьриубыдэу банкхэри щІыхуэхэри нэхъыбэ дыдэу зыщІэуп щІар, я мылъку зыщІатар дыщэрщ. ЩІыхуэм дыщэхэкІхэр щІащэхур я ахъшэхэр апхуэдэ щыкІэкІэ нэхъ хъума зэрыхъур мызэ-мытІэу зэрагъэунэхуар араУэ кьыщІэкІынущ.

АбыкІэ бжыпІэр зыІыгъыр Китаймрэ Индиемрэ щыпсэухэрщ - дунейм щызекІуэ дыщэхэкІ псоми я процент 63-р абыхэм яхуоз. Псалъэм папщІэ, китайхэм илъэс кІуам ящхъуащ тонни 145-м нэблагъэ, доллар меларди 6,5-рэ и уасэу.

Мы илъэсым ар процент 11-кІэ нэхъ лъапІэ зэрыхъуам щьэкІи къэнэрэкъым щыщэр (ар гъэжами е абы кьыхэщІыкІа зыгуэрми) ящэхуи. Илъэс кІуам и мазаем елтьытмэ, дыщэхэкІыу ящэхум процент 54-кІэ хэхъуащ, апхуэдэ гъущІ лъапІэу дунейм кьыщыщІахри процентибликІэ нэхъыбэ хъущ. ДыщэхэкІхэмкІэ сату зэращІ щыкІыр зи нэІэ щІэт Іуэхущ Іапі эхэм я Іэщ Іагъэлі эхэм къызэрыгъэтэмкІэ, апхуэдэ 2012 гъэ лъандэрэ къэхъуакъым.

НОБЭ

♦МафІэдзым (сенычым) и дунейпсо махуэщ

♦1796 гъэм Бонапарт Наполеон франджы армэм и унафэщІу ягъуэващ.

♦1911 гъэм Пятницкий Митрофан къызэригъэпэща урыс цІыхубз хорыр япэу утыку кьихьащ - Москва концерт щитащ. Иджыпсту ар Пятницкэм и цІэр зезыхьэ хорыр ящІ.

♦1919 гъэм Коминтерным и япэ съездыр Москва щызэхэтащ.

♦1949 гъэм ЩІым и хъурегъыр кьемытІысэхыу япэ дыдэу кьалъэтыхьащ. Галлахер Джеймс зи унафэщІ кхъухьлъатэм а гъуэгуанэр сыхьэт 94-рэ 1 дакьикъкІэ зэпичат.

♦1983 гъэм дунейм щыяпэу Инджылызым щагъэльэгъуащ компакт-дискыр.

♦1986 гъэм Инджылызым и пащтыхь гуащэ Елизаветэ ЕтІуанэм Канберрэ Іэ щытридзащ Австралиер я къэралым и унафэ зэрыщІэмытыжьым теухуа дэфтэрым.

♦Грозный Иванрэ Гуащэнэрэ (Мариерэ) я къуэ **Василий** къызэралъхурэ илъэс 453-рэ ирокъу.

♦Тхыдэдж, Кавказым и этнограф, адыгэжьм куэдрэ ятетхьхьа **Люлье Леонтий** къызэралъхурэ илъэс 211-рэ ирокъу.

♦Урыс еджагъэшхуэ, щІэблэр егъэджэнкІэ щІэныгъэр и лъабжьэу зэтеухуэнымкІэ фІыщІэшхуэ зыбгъэдэлъ **Ушинский Константин** къызэралъхурэ илъэси 192-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Андырхуей Хьусен** къыззэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, Нобель и саугьэтыр зыхуагъэфэща, СССР-м и япэ икІи и иужьрей Президенту щыта, жылагъуэ лэжьакІуэ **Горбачёв Михаил** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубз артисткэ, Совет Союзым и Къэрал саугьэтыр зрата **Саввиной Ие** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей модельер, сурэтыщІ, къиугупсыс фэилъхьэгъуэ телъыджэхэмкІэ дуней псом щІэрыІуэ щыхъуэ **Зайцев Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубз артист **Богатырёв Юрий** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 14, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адыгэм хьэщІэ и щІасэщ.

Нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыху мин 300 зыгъэпсэхуакІуэ къэкІуащ

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм къызэрибжамкІэ, 2015 гъэм республикэм щІыху мин 300-м зыщагъэпсэхуащ. Абыхэм щІыщу мин 15-р нэгъуэщІ къэралхэм къикІащ. 2014 гъэм елъытауэ ди деж къакІуэ туристхэр процент 15-кІэ, абыхэм хуащІэ Іуэхутхъэбзэхэр процент 18-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм туризмэм зыщегъэужьыныжьмкІэ къэрал программэ зэхахэм тету лъжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ «Зэрэгъыж» автотурист кластерыр, нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі эхэр зэтегъэувэным хуэгъэзауэ. А псори зыхуэунэтІар республикэм зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэр зэпымыууэ нэхъыбэ щыныкІыр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащІэ агентствэ.

Узыншагъэм и къежьапІэр спортырщ

Шэрэдж районым щыщ Бабугент къуажэм дэт кадет еджапІэм и щІэнтІэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 5-м къыщыгъэІуэхынущ воркаут спортым хуэщІа Іэмэпсымэхэр зэрыт губгъуэ.

КЪЭРАЛ Думэм и депутат Быф Анатолий и дэІэпыкъуныгъэкІэ уэрам спорт лІэужьыгъуэхэм ятещІыхьа апхуэдэ гъуэуэ республикэм 13 щащІ. Республикэм и цІэкІэ законхэр къыдэзыгъэкІ федеральнэ органым хэт парламентарым къаруушхуэ ирехьлІэ щІалэгъуалэр спортым хэшэным.

КЪАСКЪУЛ Аслъэн.

КъалэныщIэхэр яубзыху

● Коллегиехэр

Творчествэмкlэ сабий академием, «Дыгъэпс къалэ» щlэ дахэр зезыхьэм, мазаем и 26-м щекlуэкlащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуэлъэм я Iэхухэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ. Абы къыщапщытэжащ илъэс блэкlам Iэнатlэм хуэзфlэкlа Iуэхугъуэхэр, апхуэдэуи щаубзыхуащ 2016 гъэм къапэщылъ къалэныщIэхэр.

КОЛЛЕГИЕМ хэтхэм нэмыщI, зэхуэсым кърагъэблэгъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщl Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Парламентым щlэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкlэ и комитетым и унафэщl Азычэ Светланэ, Сабийм и куитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Iуэгъуэ Светланэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм къепхуэу лажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, республикэм и къалэхэм, районхэм я администрацэхэм я лыкIуэхэр, егъэджэныгъэмкlэ район Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, ди щlыпlэм щылажьэ еджапlэ нэхъыщIхьэхэм, курыт щlэныгъэрэ Iэщlагъэрэ щlагъэгъуэт Iэухущlапlэхэм, курыт школхэм къикIахэр, нэгъуэщIхэри.

Лэжьыгъэр яублэн и пэ кьихуэу, академием и IэщlагъэлIхэм зэIущlэм кърихьэлIахэм зыщlагъэплъыхьащ «Дыгъэпс къалэм» и къатитуэм и кlи сабийм лъэныкъуэ куэдкlэ зиужьыныжькlэ Iуэхущlапlэм и кlэмалхэм щыгъуазэ хуащlащ. Жылпэнурамэ, кьыхуэт щымыIэу кьызэгъэпэщащ сабий академиер и унэлъащIэкlи, техникэкlи, технологие пэрыткlи. Абы я щlэныгъэм щыхагъэхьуэфынущ, ябгъэдэлъ зэфlэкlхэм зыщрагъэжьыбыфынущ зэуэ сабий мини 5-м нэсым. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм къызэщlиубыдэ унэтlныгъэ куэдымкlэ гупжьейхэр, предмет хэхаэмкlэ кабинет щхьэхуэхэр щолажьэ академием. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщlэ, математикэмкlэ, химиемкlэ, экологиемкlэ, биологиемкlэ, инджылызыбзэмкlэ, нанотехнологиемкlэ, робототехникэмкlэ лабораторэхэр, литературэ, щlалэгъуалэ клубхэр, уэрэджэлlакIуэ студиер, библиотекэ иныр, компьютер, хабзэм, судыщlэ Iуэхухэм щыхуарагъадж пэшхэр, «Къуэгъэлакlуэ ныбжьыщlэм» и классыр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу «Дыгъэпс къалэм» щыIэщ медицинэ пэшхэр, пщэфlапlэ, шхапlэ екIуэхэр. Дэнэкlи щыфlэдзащ КъБР-м, УФ-м я картэхэр, ди щыIуэпс дахэм, зыгъэпсэхупlэ цIэрыпсэухэм я сурэтхэр, къызэрымыкIуэ щытыкlэ къэхъумэ, унэр зэрафгынэну щыкlэр зэрыт планхэр, н.къ.

А псоми коллегием и пэщlэдзэм зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьыжащ министр Емуэ Нинэ. Абы зэрыжиlамкlэ, а академием мы зэманым къоIэпхъуэ ди республикэм щылажьэ сабий центр куэд, Сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэмрэ Ныбжьыщlахэм я эколого-биологие центрымрэ нэмыщI. «Дыгъэпс къалэм» хэтынущ сабийхэм илъэси 3-м кьыщlэдзауэ уащыщэлажьэ хьуну Iэнатlэхэри. Льэныкъуэ куэд къызэщlэзыубыдэ лэжьыгъэр къызэрагъэпэщынчущ щlэныгъэ лъагэ, зэфlэкI ин зыбгъэдэлъ IэщlагъэлIэхэм.

Адэкlэ Емузым коллегиер триуухауц зи пашэ министерствэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм. Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм илъэс блэкIам кьриубыдэу зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэмрэ зыхунэмыса Iуэхугъэзэхэмрэ, апхуэдэу дызэрыт гъэм къыпэщылъ лэжьыгъэхэмрэ ахэр зэфlэха зэрыхьуну щыкlэм-рэ теухуа доклад министрым къызэхуэсам я пащхьэ щищlащ. Абы и къэпсэлъэныгъэр зыкъомкlэ ещхьтэкъым министрым илъэсхэм ищlу щыта докладым. Ятпщlыкlэ Емузыр кlэщIу къытеувыащ министерствэр гъэ кIуам зэлэжьа Iуэхугъуэхэм, къэкIуэнум я мурадхэм. Абы къыкIэлъыкIуащ а унэтlныгъэхэр щызэпкърыха фильм. Министрыр къытеувыащ иужьрей зэманым егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрызиужьым. Къапщтэмэ, къэпсэлъэныгъэхэм къаIэпльэгъуащ республикэм и курыт школхэм я процент 80-м щlигъур зыхуэзгъэзыхэфI псомкlи къызэрызгъэпэщащ. Ахэр псори щыщlэдзауэ уащыдэлажьэ хьуну Iэнатlэхэри. Льэныкъуэ куэд къызэщlэзыубыдэ лэжьыгъэр къызэрагъэпэщынчущ щlэныгъэ лъагэ, зэфlэкI ин зыбгъэдэлъ IэщlагъэлIэхэм.

Министрыр жиlаэхэм къыщlагъуэ, ар щыхьэпхъэхыу зэIущlэм къыщыпсэлъащ министерствэм и къудамэм и унафэщI Жариковэ Еленэ, Нартан дэт школ-интернатым и пашэ Алишанов Алисультlан, нэгъуэщIхэри. Коллегием и лэжьыгъэм жыдэжру хэтащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Азычэ Светланэ, Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм илъэс блэкIам зэфlэкIэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм коллегием хэтхэр арэзы техъуащ. Апхуэдэу абыхэм яубзыхуащ 2016 гъэм Iэнатlэм къыпщылъ къалэнхэр икIи ахэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрыр къащтащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Илъэс кIуэ зыхуэдам щытопсэлъыхь

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщапщытэщащ федеральнэ щlэныгъэщlагъэмкlэ, лъэпкъ зэхущытыкlэхэмкlэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыныжмкlэ законхэр зэрагъэзащIэм кlэлъыплъ я къудамэм нэгъабэ зэфlэгъэкIахэр.

КЪУЭЗРАГЪЭЛЪЭГЪУАМКlЭ, терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр къызэпыудыным хуэунэтlауэ иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкIащ. Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ящыгъуу, экстремист бандэ щхэурылажьэхэм зэребэн щыкlэр ягъэлъэщащ, терроризм нэщэнэ зыхэлъ щlэпхъаджагъэу зэрахьэм процент 30-кlэ кIэрыхуащ. Интернетым щызэбграгъэх экстремизм идеологием зэрыпэщIэт Iэмалхэр ирагъэфlэкIуащ, апхуэдэ хуэмэбжьымэу къыщlагъэщым процент 83-кlэ хэхъуащ. Iэщэ къэзыщта гупхэм ящыщу, абыхэм я Iупэфlагъуу 113-м я Iуэхущlафэр, терроризм хьэгъэщагъэу куэд къызэпаудащ, хабзэхъумэхэм ятеуэ щlэпхъаджащIэхэр хэпщlыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ. ЗэуIуу зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкlэ, къыщlагъэщащ Сирием къыщыунэху терроризмрэ организацэхэм япыща цIыху 48-рэ, ахэр жэуапым ирашалIэ. Профилактикэ Iуэхуэхэр фейдэ пылъу къызэгъэпэщыным, лейзехьэхэм зэрапэщIэт хъыбарегъащIэ-хэзыгъэуцуэ Iэмалхэр зыубгъауэ къэгъэсэбэпыным гулъытэшхуэ хуащIащ.

Къэпщытэныгъэ 1512-рэ ирагъэкIуэкIати, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэребэн законодательствэр зэрагъэзащIэм пыща ныкъусаныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 3488-рэ къэхутащ. Хабзэм емызэгъ правовой акту 129-рэ къыдэтрагъэувыIащ, тхылъи 127-рэ судым иратащ (5-р экстремизм нэщэнэхэр хэлъу къыдэрагъэпытам теухуащ), ягъэхьэзыра тхыгъэ 725-м хэплъри, къупкъыщIэ 633-м дисциплинэ жэуап ирагъэхьащ, 154-м хабзэм текI зэрымыхъунур гурагъэIуащ, 120-р административнэ жэуапым ирашэлIащ. Уголовнэ Iуэху къырагъэIэтын щхьэкlэ, тхылъ 24-рэ следствэмкlэ Iэнатlэхэм ягъэхьати, апхуэдэ Iуэхуу 16 къыдэIуащ.

Къапэщыт къалэнхэр нэхъыфIу къыдэрагъэпэщын, унафэ къыщащтэкlэ тэмэму къагъэсэбэпын папщlэ, хабзэхэм зэрытетыпхъэм, ныкъусаныгъэр зыхуэдам, ахэр зэрыгъэзэкIуэжьпхъэм ятеуэуа хэзыгъэуазэ хъыбар зэмылIэужьыгъуэу 189-рэ властымрэ щlыпlэ самоуправленэмрэ я Iуэхущlапlэхэм ираащ.

ЗэIущlэм зыхуэфащэ унафэ къыщащтащ, къапэщыт къалэнхэр, ахэр щызэфlагъэкIыну пIалъэхэр щагъэбелджылащ.

Я тхылъхэм щыхоплъэ

Цlыхухэм зэрызыхуагъазэм хэплъэным, ахэр егъэблагъэным, я куитыныгъэхэр хъумэным хуэунэтlауэ нэгъабэ зэфlагъэкIахэр КъБР-м и прокуратурэм щызэпкърахащ.

КЪУЭЗРАГЪЭЛЪЭГЪУАМКlЭ, илъэс кIуам республикэм и прокуратурэм и Iуэхущlапlэхэм цIыху 9819-м зыхуагъэзащ, 451-м хуэфащэ унафэ кьыхуагъуэтащ. Абыхэм ябгъэ иткlэ, икIи 224-рэ ятхащ, кьулыкъыщIэ 18-м законым текI зэрымыхъунур гурагъэIуащ, хабзэм емызэгъ правовой акту 69-рэ къыдэтрагъэувыIащ. Административнэ куэдащIэ зылэжьаэм Iуэхуи 107-рэ къызэIуахащ, пщалъэ-хабзэ актхэр зэрагъэзэхуэжьыну кьалэн ящызыщI тхылъых ягъэхьэзыращ.

Псэупlэм теухуа законодательствэр къызэрызэпаудым тхьэусыхафэ куэд кьешэ. Цlыхухэм я тхыгъэхэм я процентти 4-р аращ зытеухуар. Щlыкlэ законодательствэр зэрагъэзащIэмкlэ мыарэзыуэ 97-рэ тхьэусыхати, псори зэхагъэкIащ. Iуэхущlапlэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм, балигъ мыхьуахэм я куитыныгъэхэр зэрахъумэм, гъэгъуэм шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщым, пенсэм, нэгъуэщIхэми пыщIа Iуэхухэм игъэпIейтейхэр нэхъыбэ хъуащ.

Щlыпlэ самоуправленэм и Iэнатlэхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ я унафэу 391-рэ зэпкърахащ. Абыхэм ящыщу 95-р псэупlэмкlэ, 76-р щlыкlэ законодательствэхэр къызэрызэпаудым, 38-р балигъ мыхьуахэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэрахъумэм, 33-р ЖКХ-м ехьэлIащ.

Хъыбархэр зэрыIахым, зэратхым, следствэр зэрекIуэкIым, Iуэхум пэублэу зэрыхэплъэм къашэ тхьэусыхафэхэр ипэ ита илъэсым зэрыщытам щIигъуркъым. Ахэр 1381-рэ мэхъу. Апхуэдэу щlэпхъаджагъэхэр ятхын и пэ кьихуэу Iуэхум пэублэу хэплъэхэм къэпщытэныгъэр нэгъэсауэ щрамыгъэкIуэкI щыIащ. Абы тхьэусыхафэ 327-рэ кьрикIуащ. Псори зэхэту следствэмрэ Iуэхур пэщIдзэзу зэхэзыгъэкIэжмрэ я унафэхэмкlэ мыарэзыуэ цIыху 876-м прокуратурэм зыхуагъэзащ.

Цlыхухэр егъэблагъэным республикэм и прокуратурэм дапщэщи гулъытэшхуэ хуещI. Абы и унафэщIхэри жылагъуэхэм макIуэ. КъыщlынэмыщIауэ, хабзэхъумэ, кlэлъыплъакIуэ, щlыпlэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущlапlэхэм я лыкIуэхэр ящIыгъуу щlыпlэхэм щlыхухэм щlауэщIа. Псалъэм папщlэ, КъБР-м Хьэрычэтыщlэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкlэ и уполномоченнэр я гъусэу, республикэм и прокурорыр цIыхухэм яхуэзащ. Апхуэдэу федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кlэлъыплъынымкlэ я Iуэхущlапlэм и унафэщIымрэ Хьэрычэтыщlэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкlэ уполномоченнэмрэ зэщIыгъуу Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ щIынальэхэм щыIащ, щIымрэ лжьыгъэмрэ пыщIа хабзэхэр къызэрагъэгъэпэщыр щызэпкърахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и Iэнатlэхэм цIыху 2855-м я щхьэ Iуэхукlэ нэгъабэ зыхуагъэзащ. Абыхэм ящыщу 1305-р прокуратурэхэм я унафэщIхэм ирагъэблагъащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Узынщагъэ

IэмалыщIэ къагъэсэбэп

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм репродуктивнэ медицинэм теухуа конференц щекIуэкIащ. Абы хэтащ ди республикэм щылажьэ акушерхэр, гинекологхэр.

ЗЭIУЩIЭМ лекцэ кьыщеджащ Ярославль къэрал медицинэ университетым узынщагъэр хъумэнымкlэ и кафедрэм и доцент, медицинэ щlэныгъэхэм я доктор Щиголев Владимир, Сеченовым и цIэр зезыхьэ Ямэ Москва къэрал медицинэ университетым Профессиональнэ егъэджэныгъэмкlэ и институтым акушерствэмрэ гинекологиемкlэ я кафедрэм и профессор, медицинэ щlэныгъэхэм я доктор Овсянниковэ Тамарэ, дзэпlыкъуэгъу хъу репродуктивнэ технологиехэмкlэ «Центр ЭКО» ООО-м и IэщlагъэлI пажэ Щауэ Iэдиихуу сымэ.

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къахуэзгъэпэщыныкlэ и къудамэм и унафэщI Щоджэн Юлие къызэрыхигъэщламкlэ, мы гъэм «Центр ЭКО» клиникэм фIэкIыпlэншэ медицинэ страхованэмкlэ щlыналъэ фондым и мылъкукlэ ЭКО Iэмалыр 100-рэ къагъэсэбэпыну яубзыхуащ. «ЭКО къудамэ къыщызэIуахынущ щIэуэ яухуэ Перинатальнэ центрым. Акушерхэм, гинекологхэм я Iэзагъэм хэгъэхъуэныкlэ дяпэкlи мыпхуэдэ конференцэр едгъэкIуэкIынущ», - жиIащ абы.

Ягъэхъужхэм я бжыгъэм хохъуэ

Жьэн узыфэм илIыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Ар 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа «Узынщагъэр хъумэнымкlэ Iэнатlэм къэрал политикэр щегъэфlэкIуэным теухуауэ» унафэр гъэззэщIэным къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу. 2015 гъэм апхуэдэ сымаджэхэм я бжыгъэр щыIуу мини 100-м хуэзэу ику иту 9,7-рэ хъурт. Ар 2014 гъэм и ебгъапщэмэ, процент 17,8-кlэ нэхъ мащIэщ.

Жьэн узыфэм илIыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар куэдкlэ и фIыгъэщ медицинэм а и унэтlныныгъэм мылъкушхуэ зэрыхалъхьам. 2020 гъэ пщIондэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкlэ Iэнатlэм зыщегъэужьын» къэрал программэм хэту федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкIыу сом мелуан 90 зи уасэ иджырей диагностикэ Iэмэпсымэхэр ящащхуащ: район сымаджэщхэм папщlэ флюорографу 7, компьютер томограф, бактериологие лабораторэ, пэшым щIэт хьэуар зэрагъэкъабзэ бактерициднэ аппарат. Республикэ бюджетым кьыхэкI мылъкыкlэ зэрагъэпэщыж Жьэн узыфэм щIэзэ диспансерым псы, газ, тэк зэрыщызекIуэ бжьамийхэмрэ кIапсэхэмрэ.

Фтизиатрие Iэнатlэм сытым джи и кьалэн нэхъыщхьэщ узыр и чэзум кьыхэутэныр. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм нэгъабэ жылагъуэм и процент 58,5-рэ кьызэщIрагъэубыдащ, цIыху 357048-м флюорографие Iэмалыр къагъэсэбэну я узынщагъэр эхуэдэм еплъащ. 2015 гъэм сабий 135829-м я узынщагъэр туберкулиндиагностикэмкlэ къапщытащ, ар 2014 гъэм щыIа бжыгъэм нэхърэ хуэди 6-кlэ нэхъыбэщ.

КьищынэмыщIауэ, иужьрей илъэситIым хущхъуэ кьращщхуну федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуан 45-рэ кьыхуаутIыпщащ. Абы и фIыгъэкlэ ягъэхъужа сымаджэхэм я бжыгъэр процент 40-м щигъукlэ нэхъыбэ хъуащ.

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Зэ1ущ1эхэр

ЩытыкIэм зихъуэжын папщIэ

«2014 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэкIхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэкIэлъыгъэкIуэным тещIыхьа республикэ программэм «2014-2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщIондэ КъБР-м и къуажэхэм зэпIэзэрыту зэрызэуэщIынур» и программэ гуэдзэр гъэззэщIа зэрыхъур» араш зытеухуауэ щытар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм мазаем и 26-м щекIуэкIа зэIущIэр.

Абы хэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэтэалий, палатэм щыщхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и кьэрал власти и Iуэхущlапlэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр. Зэхьыхьэр иригъэкIыжащ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт, КъБР-м Мэкъумэшэ хозяйствэмкlэ и министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Нэхущ Заурбий.

- Ди нэгу зэрыщIэкIщи, СССР къэралыгъуэр зэракъутэж льандэрэ дзэка зэманым Урысейм и къуажэхэм я псэукIэр хуабжьу екIэкIуащ. ХэкIуэдэжьпэхэр мащIэхъыщ. ЦIыхухэр, псом ямэ щIалэгъуалэр, кьыдоIэнхъыкI. ЩхьэусыгъуэI нэхъыщхьэр лэжьыгъэ зэрыдэмыльырщ. Iэнатlэ зэдащIмыIэм гъащIи щыIэжьыкI. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм нэгъабэ жылагъуэм и процент 58,5-рэ кьызэщIрагъэубыдащ, цIыху 357048-м флюорографие Iэмалыр къагъэсэбэну я узынщагъэр эхуэдэм еплъащ. 2015 гъэм сабий 135829-м я узынщагъэр туберкулиндиагностикэмкlэ къапщытащ, ар 2014 гъэм щыIа бжыгъэм нэхърэ хуэди 6-кlэ нэхъыбэщ.

- КъыщынэмыщIауэ, иужьрей илъэситIым хущхъуэ кьращщхуну федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуан 45-рэ кьыхуаутIыпщащ. Абы и фIыгъэкlэ ягъэхъужа сымаджэхэм я бжыгъэр процент 40-м щигъукlэ нэхъыбэ хъуащ.

- «КъБР-м и къуажэхэм зэрызэуэжьынур» программэ гуэдзэр 2014 гъэ льандэрэ догъэзащIэ. Абы щхьэхуэныгъэу хэлъхэм ящыщщ агропромышленнэ комплексым и Iэнатlэхэм инвестицэ проектхэр щызыгъэзащIэ жылагъуэхэм социальнэ объектхэр, инженер инфраструктурэм и псэуалъэхэр зэрыщащхуэр, къуажэхэм зэрызэуэжьынум теухуа щlыналъэ программэмэ нэхъыфIхэм федеральнэ бюджетым щыщ субсидиехэр зэрыхуохьыр.

Программэ гуэдзэр тещIыхьащ къуажэдэхэм я псэукIэр къэзытыным, унэгъащIэхэр, Iэщlагъэлl щlалэхэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщыным, фельдшер-акушер пунктхэм, щэнхабзэ-нэгузегъэужьыныкlэ Iуэхущlапlэхэм, спорт ухуэныгъэхэм зэгъэужьыным, газ, псы кIуапlэхэр, жылагъуэхэм я автомобиль гъэгуэгъэ егъэфlэкIуэным, фельдшер-акушер пунктрэ дохутырхэм я хэщIапlэу пщыкIуэ, спорт зыгъэсапlэу метр зэбгрыкIуэ-щIрыль щащхэщыхьауэ дгъэззщIэнчущ. Ятпэр - 2014 - 2017 гъэхэм, етIуанэр - 2018 - 2020 гъэхэм ятещIыхьащ. А щIыкIэм тету нэгъабэ къуажэдэс унагъуэ 58-м я псэупlэхэр ирагъэфlэкIуащ. Абыхэм ящыщу 17-р унэгъуэшхуэщ, 41-р унэгъащIэрэ Iэщlагъэлl щlалэрэщ. Псэупlэу метр зэбгъуэзнатlэ минитхум щIигъу яухуащ е къащэхуащ. А Iуэхум сом мелуан 61,7-рэ халъхьащ. Мелуан 43,2-р федеральнэ, сом мелуан 18,5-р республикэ бюджетхэм хухахащ. Зэрыбзыхуам тету, фельдшер-акушер пункту 5, спорт ухуэныгъэ 6 нэгъабэ ятащ, гъэ кIуапlэу километри 8,5-рэ, псы гуэшlапlэу километр 13,7-рэ яукъуэдиящ. Псори зэхэту гъэ кIуам программэ гуэдзэм федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 78,2-рэ, республикэм ейуэ сом мелуан 21,3-рэ хузэщIагъэуIащ.

Зыхуэзэ гуэгъуеныкlэ игъэнаIуэри, Щэт Мэчрэ́ил игъэбелджылащ къужажэм зегъэужьыным тещIыхьа щlыналъэ программэхэм ящыщу Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм и мы гъэм арэзы зыщIытехьуахэр. Абыхэм ябгъэ иткlэ, Щордакъ, Шэджэм Ищхьэрэ къуажэхэм фельдшер-акушер пунктхэр, Дальнэ, Безенги жылагъуэхэм спорт зыгъэсапlэхэр, Псынэдахэ Щэнхабзэмкlэ унэ щауэхуэнущ. Щlыхьэлыкъуэ къуажэм газ кIуапlэу километри 4,5-рэ, Хьэбзэ, Урыху, Прималкинскэ, Пролетарскэ, Яныкъуей жылагъуэхэм псы гуэшlапlэу километр 14,3-рэ щауэхуэдиинущ. Зэрытраухуажмкlэ, къуажэдэс унагъуэ 50-м я псэупlэр ирагъэфlэкIуэнущ. Абыхэм ящыщу 35-р унэгъащIэрэ Iэщlагъэлl щlалэрэщ. Федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 77,8-рэ, республикэм ейуэ мелуан 45,3-рэ Iуэхум хуэзщIагъэуIэну я мурадщ.

- Зи гугъу ещIы программэхэр тхуэгъэзащIэмэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу ауэхуэдэс унагъуэ 700-м я псэупlэхэр ирагъэфlэкIуэнущ, фельдшер-акушер пунктрэ дохутырхэм я хэщIапlэу пщыкIуэ, къуажэхэм фапыщIащ, абыхэм пщэрыль пыухыкIахэр щывгIащ. ЕхъулIэныгъэр, хъарзынэщ, ар зыми тIихьнукъым, нэхъыщхьэу зэлэжьыпхъэр гугъуехьэхэр гъэмэщIынэм хэкIыпlэхэр къахуэгъуэтыныщ, ешы къуажэдэсхэр я Iуэхум жыджру хэшэныщ, - кьыхигъэщащ Нэхущ Заурбий зэIущIэр щызэхуищIыжым.

Зэхьыхьэм кьыщащтащ КъБР-м и Правительствэм, Мэкъумэш хозяйствэмкlэ, Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкlэ, Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, Спортымкlэ министерствэхэм, муниципальнэ щlыналъэхэм я щlыпlэ администрацэхэм, республикэм и Жылагъуэ советым экологиемкlэ, АПК-мкlэ, къуажэхэм зегъэужьыныкlэ и комиссэм, Мэкъумэш хозяйствэмкlэ министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ советымрэ муниципальнэ щlыналъэхэм я жылагъуэ советхэмрэ яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сенекэ Луций Анней

Щэнфlагъэм теухуа тхыгъэхэу Луцилий хуэгъэзахэр

● Адыгэбзэм и къарур

Сенекэ Луций Анней ди эрэм ипэкlэ лlэщыгъуэ еплlанэм псэуа урым гупсысакlуэщ, иджырей Испаниэм хыхьэ Кордовэ къалэр зыхуэзэ щыпlэм къыщалъхуауэ. Лlэщыгъуэ пасэхэм щыlа уцикlуэхэм я щапхъэ лъагэу ялъытэ философым и Iэдакъэщlэкl цlэрыlуэу «Щэныфlагъэм теухуа тхыгъэхэу Луцилий хуэгъэзахэр» жыхуиlэм ящыщу нобэ фи пащхъэ итлъхьэ пычыгъуэр фlы къыпхуэзыщlам фбыщlэ хуэпщlын зэрыхуей щыкlэм теухуащ. «Уэ уи щхьэ къылъысыну зыхуэхэмеймкlэ нэгъуэщlми ухуэмыупсэ». - араш философым и гупсысэкlэм и лъабжьэр. И тхыгъэхэр зыхуэгъэза Луцилий абы къыхуреджэ цlыхум и гъащlэм мыхьэнэшхуэ имыlэу къыхуэзэрыхь къэхуэкъащlэхэм нэхъри нэрымылъагъур, куур, фlыр нэхъ къыфlэlуэхуу псэуну.

Урым тепщэхэм нэхъ залыму яхэта Калигулэ, Нерон сымэ я лъэхъэнэгъуу щыта Сенекэ и гъащlэр гуцlыхьэу иухащ. И гъэсэну щыта Нерон абы укl тезыр къытрилъхьат, зэрылlэну Iэмалыр езы философым къыхихыжьну хуиту. Гукъынэжщ лlым и гъусэу дунейм ехьыжыныр къыхэзэхуа и щхьэгъусэр а зы Iуэхумкlэ къыщемыдаlуэм, Сенекэ абы жриlауэ тхыдэм къыхэна псалъэхэр: «Сэ гъащlэм ущытезыгъэуну Iэмалхэр уэзгъэлъагъуну сыхэтащ, ауэ уэ лlэныгъэр къыхыбох. Сынодауэркъым. Дылlэнщ зэгъусэу, зэхуэдэ лlыгъэ къздгъэлъагъуэу, ауэ уэ уи пщlэр нэхъ ину».

Пщlейрэ езанэ тхыгъэ

Сенекэ Луцилий сэлам ирех!

Хуэпщlар зыщыгъупщэжа гуэрым щхьэкlэ уогъхъусыхэ. Ар япэу къыпщыщlу арамэ, ухыгъэм фыщlэ хуэщl е гулъытафlэу укъызэрыщlэкlам щыгуфlыкl. Сыту жыпlэмэ, мыпхуэдэ lуэхукlэ набдзэгубдзаплъэу ущытмэ, нэхъ бзаджэ хъуэнкlи хъунущ. Аргуэру апхуэдэ гуэр къыпщыщlынкlэ ушынэурэ, псапэ пщlэным хуэхсакъыу, зыхуэмыфащэм Iэрыхьэнкlэ угузавэуэрэ, уи зэранкlэ фlыр хэщlынкlи икъэу.

Фыщlэ къыпхуамыщlыныр нэхъыфlщ зыми зыри хуумыщlэн нэхърэ. Гъавэр къомыхъулами, жылэ хэсапхъэщ. Iэфl зыщlэмылъыж щым зы илъэсым хэкlуэдар адрей гъэм бэву къытепхьыжыри хэлъщ.

Фыщlэ зыщlыфр цlыху къэбгъэутын папщlэ, хуэпщlар зэхэзымыщlыкlхэм я дежи уи пасыпым кьихьым ущеплъ хъунущ. Хьэлэлыр щымыуэжу щыткъым, зэи блэмыlэбыкlын хуэдэу. Шабзэхэр зззэмызи блырелъэт. Зы кхъухь щlилъэфа щхьэкlэ, хым техьэн щагъэтыркъым, сатуущым, зыгуэрым сыкъигъэпщlащ жиlэу, бззэрыр ибгынэркъым.

Дигу иримыкlу хъуам ди щlыбэ яхуэдгъэзу щытатэжа, гъащlэм зы мыхьэнэ имыlэжу и пlэ иныхьыжынт. Уэрщи - уи жагъуэ къызэращlам нэхъ ерыщу фlы пщlэным хуэжан Тхьэм уищl. Зэриухынур умыщlэ Iуэхум нэхъыбэрэ тегушхуапхъэщ, зэгуэр ар зэрыхъуэн хуей дыдэм хуэкlуэн папщlэ.

«Iуэхутхьэбзэхэр» тхылъым сыщыкlотепсэлъыхьакlэщ мыбы. Иджыпсту зи гугъу щlын хуейр нэгъуэщlщ: зыгуэр зэ къыддэlэпыкъурэ итlанэ и зэран къыдэкlыжамэ, къытхуурикъуажэ ара ар хьэмэрэ и щlыхуэ къыттехуар ттыригъэкlыжа? Хэлъхьэж абы зэранигъэу къытхуихьар фIыуэ къытхуищlам нэхърэ куэдкlэ зэрынэхъыбэри.

Хеящlэ пхъашэм пэжыр зэхигъэкlыу унафэ ищlэну уеплъэлъмэ, жиlэнущ: «Уи напэ зэрытрихар нэхьыбэми, зэгуэр фlы кьыззэрыгъэхуищlари хэгъэкlыжьын хуейщ абы. Иджырей и зэранигъэр нэхъ инт. Арщхьэкlэ япэрей Iэхутхьэбзэр нэхъ пасэу игу пыкlат. Зэманри къыпфlэмыlуэхуу хъунукъым!»

Мыдрейр апхуэдизкlэ Iупщlащ, уигу къэумыгъэкlыжми хъунущ. Итlанэ, езым и гуфlэгъэ къызэрыкlэ нэбдзэпыкъуакъэ? Зэран къыщыпхуэхъум хуэмейуэ зрешъэфыхьакъэ? Фlы къыщlыпхуищlари уи жагъуэ зэрищlари зэлъытыжар а тlури ищlэн хуей щlэхъуаращ. Сыхуэмейуэ, сыукlытэри, фlы сщlащ, лъаIуэм сыхигъэзыхьырт, зыгуэрым сыщыгугъырт. Фlыр игу пызыгъэкlа щхьэусыгъуэм хуэдэщэ пщалъэкlэщ ар къэпщын зэрыхуейр. Фlым и инагъыр и куэдагъракъым къэзыгъэлъагъуэр, щхьэусыгъуэ хуэхъуа гурыщlэм и кьабзагъращ.

Иджы а къызыфlэдгъэщlар зыщыщдогъэгъупщэ. Фlыр - фlыуэ, Iейр - а фlыр зыгъэкlуэдыж Iей дыдэу къыдощтэ. Цlыхуфlым псори къызэрипщынур езыр хилъафэущ: псапэ кьыхуащlам хигъэхуэзыщ, Iейр игъэмащlэнущ. Хеящlэ ткlийм (сэри апхуэдэущ сыщытыну сызэрыхуейр) Iейр Iэмал имыIэу щыгъупщэнущ, фIыр игу ириубыдэнущ.

«Захуагъэм и хьэтыркlэ, щхьэж кьилэжьаращ къыlэрыхьэжыпхъэр, фIым фIыкlэ пэджжэн хуейщ, уи жагъуэ ящlамэ - къуащlар епщlэжьн, е, нэгъуэщl мыхъуми, нэмыплъ ептын хуейщ» жаIэ. - Ар пэжщ, фIы зыщlар зыуэ, Iей зыщlар нэгъуэщlу щытмэ. Аущ псори зыщlар зы цlыхумэ, фIым Iейр егъэункlыфI. Армырами, гущlэгъукlэ бгъэдэтыпхъэщ цlыхум. Псапэ гъэрэхр ищlауэ къыщlэкlмэ, абы нэхъ тэмакъкlыхьыжу ухущытыну кьелэжь.

Си дежкlэ а тIум я уасэр зэхуэдэкъым: фIыр нэхъ пlапlэщ. Къыхуащlар зыщlэжхэми нэсу къалъытэфыркъым щыхуэ кьатехуэм и инагъыр. Губзыгъэми, ирипытми, цlыхуфlыр захуагъэм текlынукъым, ауэ фIым и хьэтыр нэхъ ильаГунущ: ар абы и псэм нэхъ пэгъунэгъущ.

Мыпхуэдэ Iуэхуэр куэдкlэ ельытащ езы къызыщыщl цlыхуми. Псалъэм папщlэ, си пщылIым зыгуэр кьыхуэпщlэри, си гуапэ пщlащ, ауэ си адэм лей епхри, си жагъуэ пщlащ. Си къуэр кьебгъэлащ, ауэ си адэр бгъэунэхъуащ. Iущым зэлъытыпхъэхэр псори зэрилъытынурэ, ахэр куэдкlэ зэщхьэщымыкlмэ, и жагъуэ кьызэращlар зыщlигъэгъупщэнущ. Фlыуэ зэщхьэщыкlми, зыщlигъэгъупщэнущ, гу хьэлэлу ущытынкlэ кьезэгъыхьхэмэ, адрейхэм я пащхьэ щихь ьхьэнми кьызэрыщlигъуми емыбакъуэу, нэгъуэщlу жыпlэмэ, зи жагъуэ ящlар езым и закъуэмэ.

Икlэм деж псори кьыщlидзэжкlэ, ар тыншу икlуэтынущ икlи езыр нэхъ ягъэхъуанэшэм, хуэшэчынущ. Ар хуеинкъым лей кьрахар фIы кьыхуащlам хигъэкlыжьыну.

Абы кьыхихьынур нэгъуэщlщ: фIыщlэ щlын кьалэныр езым нэхъ кьыстехуэр иджыпсту псычынщlэуи ар зэрызытригъэкlыным и ужь итынущ. Сыту жыпlэмэ, фIы кьыхуащlэну нэхъ кьэзэщlтр щоуэ фIы ищlэну нэхъ зыфlэфlым ельытауэ. Ахъшэ щlыхуэ зытекlыжькlэ зэрыгуфlэм хуэдизэ дыдэкlэ гуфlэн хуейщ фIы кьыхуэзэщlам хуищlэжьну гъуэтыгъуэ ихуэр, апхуэдэ щlыхуэ иджыпсту зытезыльхьэм ельтауэ.

ФIыщlэ зымыщlхэр иджыри зэрыщыгуэрщ: зырыпщlэжьмэ хуейм «хэхъуэ» тралъхьэ, ауэ щlыхъукlэ кьыхуащlа фIым уасэ хуагъэувыххэркъым. Щlыхуэм мыбдежми мыувыIэу хохъуэ, нэхъ гувауэ упшынжьыхуэ, кьыптеxуэрэ нэхъыбэщ. ФIы кьыхуащlам хэхъуэ темыльну зыпшынжьыр фIыщlэ зыжьыщlхэм яхуэкlыжьу кьэхуэ. Мис ар Iущым и щхьэм щlигъэкlэрэхъэнущ, кьыlэрыхьамрэ игу пыкlамрэ щызэрилъыткlэ.

Зэрыхъукlэ ди фIыщlэр нэхъ ину щытын хуейщ: ар дэращ зи фIыгъуэр. Захуагъэм ещхьу, зэ lупльэгъэкlэ адрейхэм фейдэ нэхъ хахьу фэ тет щхьэкlэ, и нэхъыбаIэм ди деж кьеГъэзэж фIыщlэм. Нэгъуэщlым сэбэн ху

● Зэпеуэхэр

Нэхъыфlхэр ягъэпажэ

Сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэм ныбжьыщlэхэм я зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэхугъуэ куэд щокlуэкl. Iуэхущlапlэр и лэжьыгъэкlэ ирагъэблагъ къэралпсо сабий зэгухьэныгъэхэм. Абы и гъэсэнхэри ирагъэблагъэ урысейпсо, дунейпсо зэхьихьэхэм, зэпеуэхэм. Ныбжьыщlэхэр иджыблагъэ зыхэтахэм ящыщщ «Сабиигъуэ гъунапкъэншэ» XVII дунейпсо фестивалыр. Абы кърикlуахэр къыщащыгъэ, текlуахэр щагъэлъапlэ гуфlэгъуэ зэхуэс щекlуэкlащ уардэунэм.

ФИГУ къэдгъэкlыжьынщи, «Сабиигъуэ гъунапкъэншэ» XVII дунейпсо фестивалыр илъэс къэс йокlуэкl Ныбжьыщlэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо союзым и жэрдэмкlэ. Абы илъэс куэд хъуауэ хэтщ Сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэр.

- Ди lэнатlэм пыщlэныгъэфlхэр яхуиlэщ ди къэралым щыlэ сабий lуэхущlапlэхэм. Ди гъэсэнхэр иужьрейуэ зыхэта «Сабиигъуэ гъунапкъэншэ» XVII дунейпсо фестивалыр сэбэпышхуэ мэхъу дэ тхуэдэ lуэхущlапlэхэм къапэщылъ къалэнхэр нэхъ тэрэзу зэфlэха хъунымкlэ, - жеlэ «КъБР-м и сабий зэгухьэныгъэхэм я союзым» и унафэщl Къулым Залинэ. - Абыхэм я нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ щlэблэр хэкупсэу гъэсэныр, къыщалъхуа щlыналъэм и тхыдэр, хабзэхэр ящlэу къэгъэтэджыныр.

Фестивалым къыззщlиубыдэ зэпеуэ зэмылlэужьыгъуэхэм хэтащ уардэунэм и гъэсэнхэр. Абыхэм я lыхьлъэхэр щагъэлъэгъуащ сурэт щlыныжкlэ зэпеуэм, «Текlуэныгъэр догъэлъапlэ» еджэныгъэхэм, «Спортыр фlыуэ долъагу» зэхьзэхуэм, «Сабий зэгухьэныгъэм и нобэр» гъэлъэгъуэныгъэм, «Сэрэ сызыхэт сабий зэгухьэныгъэмрэ я къэкlуэнур» тхылъ зэпеуэм, «Унагъуэ зэгурыlуэм дыхуэдэщ» творческэ зэхьихьэм, нэгъэущlхэми. А псоми кърикlуахэр хэлапщытэжащ фестивалым и кlэлъыплъакlуэ гупым хэтхэм икlи нэхъыфlу кьалъута лэжьыгъэхэр зыгъэзэщlа ныбжьыщlэ 51-м хуагъэфэщащ зэпеуэм и щыхь, фlыщlэ тхылъхэр. Апхуэдэ гулъытэ хуащlащ сабийхэр зэхьзэзхуэхэм хуэдзыгъэхьзэрэ егъэджакlуэхэми.

Зэхуэсыр игъэдэхащ нэгъуэщl зы Iуэхугъуэми. Сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо союзыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щlыхькlэ, апхуэдэуи а зэщlэхъеенигъэм республикэм зыщегъэужьыным хуащlа хэлъхьэныгъэ иным папщlэ, КъБР-м щылажьэ сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщl зыбжанэм хуагъэфэщащ щlыхь дамыгъэхэмрэ щlыхь тхылъхэмрэ. Апхуэдэ гулъытэ лъагэ зыхуащlахэм ящыщщ Бахъсэн къалэ дэт Сабий творчествэмкlэ унэм и унафэщlым и къуэдзэ Хьэжы Маринэ, «Зэкъуэтыныгъэ» сабий зэгухьэныгъэм и унафэщlым и къуэдзэ Къажэр Маринэ, «Лэгъупыкъу» сабий зэгухьэныгъэм и пашэ Кlыщ Жаннэ, Бахъсэн район пионер зэгухьэныгъэм и унафэщl Щоджэн Аслъэн сымэ.

Гуфlэгъуэ яlэтащ Сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэм хуэдизрэ ирагъэблагъэ щlэныгъэм и къудамэм и гъэсэнхэм къызэрагъэпэща концерт дахэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мардэ псоми къитlасэу

● Хъыбар гуапэ

Школ кlуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм зэрадзлажьэ щlыкlэхэр егъэфlэкlуэным теухуауэ ди республикэм щрагъэкlуэкl Iуэхугъуэхэм ящкъ иткlэ, Бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм къыщызэIуахащ сабий садыщlэ. Абыкlэ хъыбар къыдигъэщащ щlыпlэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ Абазэ Лерэ.

ГЪЭСАПlЭР къызэlухыным хуагъэпса гуфlэгъуэ зэлущlэм хэтащ Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ Iуэхуэхэмкlэ и къуэдзэ Къаздахъу Олег, егъэджэныгъэмкlэ щlыпlэ lэнатlэм и унафэщl Абрэдж Тамарэ, жылэм и администрацэм и Iэтащхьэ Коваленко Леонид, къуажэдэсхэр.

- Сабий садыр ар школ кlуэгъуэ ныбжьым нэмыса цlыкlуэхэм щакlэлъыплъ, щагъашхэ, щагъэжей щlыпlэ къудейкьым нобэ. Сабий садыр ар егъэджэныгъэм и япэ дэкlуеипlэщ, - жиlащ Къаздахъуэм. - Районым и сабий гъэсапlэхэм я щlыпlкlэм, щекlуэкl лэжьыгъэхэм и нэIэ тригъэтщ ди щlыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Абыхэм Iэмал псори щlыIэщ цlыкlуэхэм къызэрыхэтыншэу зыщагъужьын папщlэ.

Гъэсапlэр щылэжьэну унэр иэхъэпэм интернату щытащ. Ар сабий гъэсапlэм хуэгъэкlуэжьным мыльку хуэхъу текlуэдащ. Екlуэкlа цlыкlуэхэм, зэгъэпэщщыжьныгъэ лэжьыгъэхэм, апхуэдэуи Iуэхущlапlэщlэр унэ-лъащlэкlэ, техникэ зэмылlэужьыгъуэхэмкlэ, сабий тхылъхэмрэ зэрыджэгу хьэпшыпхэмкlэ къызэгъэпэщыным псори зэхэту ихьащ федеральнэ, щlыпlэ бюджетхэм къыхэкlыу сом мелуани 8-рэ мин 722-рэ.

Щlэрыщlэу зэрагъэпэщащ сабий садым мы зэманым йокlуалlэ илъэси 3-7 зи ныбжь цlыкlуи 105-рэ. Сабийхэр зытхьэщlыпlэкlи, шхапlэкlи, гъэзетыпlэхэмкlи, зэрыджэгу хьэпшыпхэмкlи къызэгъэпэщащ, махуэм щэ ягъашхэ, щэджагъуэм ягъажей, кружокхэм ягъащ. Абы гупи 5 щолажьэ. ЖЫпlэнурамэ, сабий садым щlыпlэ lэмалхэр мардэ псоми хуокlуэ.

Сабий Iыгъыпlэм щыгуфlыкlащ адэ-анэхэри сабийхэри. Абы и пщlантlэм щащlащ джэгупlэ зэмылlэужьыгъуэхэр: хъыринэхэр, пшахъуальэхэр, кьежэхыпlэхэр, пырхъуэ цlыкlуэхэр, спорт ут цlыкlуэхэр. Пщlантlэм къыщызэрагъэпэщащ удэ гъагъэхэр щагъэтlысыну хьэсэ цlыкlуэхэр.

Бахъсэн районым хыхьэ Кьыщлэ хьылэми мы илъэсым къриубыдэу къыщызэIуахынущ сабий 140-рэ зэкlуэлlэну садыщlэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Щlалэгъуэ

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэри ирагъэблагъэ

Владимир областым гъэмахуэм щекlуэкlынущ Урысейпсо щlалэгъуалэ егъэджэныгъэ зэхуэсышхуэ.

Ар теухуауэ щытынущ къэралым щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр нэхъри гъэбыдэным. Къэралпсо зэхуэсыр къыззрегъэпэщ Щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ федеральнэ агентствэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм, Роспатриотцентрым. Iуэхур диIыгъ УФ-м и Президентым къэрал кlуэцlи Iуэхуэхэмкlэ и управленэм.

«Щlалэгъуалэмрэ лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкlэхэмрэ» фlэщыгъэр зиIэну зэхуэсым хэтыну ирагъэблагъэ щlыналъэхэм щlалажьэ лъэпкъ-щэнхабзэ Iэнатlэхэм я лIыкlуэхэр, лъэпкъ Iуэху зезыхуэ журналистхэмрэ къэрал къулыкъущlэхэмрэ, анэдэлъхубзэр курут школхэм щезыгъэджхэр, Зэныбжьэгъугъэм и унэхэм, Лъэпкъхэм я унэхэм, этнопарк зэмылlэужьыгъуэхэм я Iэщlагъэлlэхэр.

Зэхуэсым къыщызэрагъэпэщынущ зэхуэзэ хьэлэмэтхэр, анэдэлъхубзэхэмкlэ дерс гъэщlэгъуэнхэр щекlуэкlынущ, лъэпкъхэм я зэхущытыкlэхэр езыгъэфlакlуэ проектыщlэхэр утыку кърахьэнущ. Нэхъыфlу къалъытэ лжьыбгъэхэм мылъку хухахынущ, ахэр гъащlэм хапщэфын папщlэ.

Абы теухуа хъыбар къыщыфщlэнущ *территориясмыслов.рф* сайтым.

ТАМБИЙ Линэ.

● КъБР-м щыlэ МВД-м къет

Зиумысыжащ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щlэ и управленэм мазаем и 28-м зыхуигъэзащ илэжьар и напэм хутемыгъахуэу зызымысыжа цlыхухъэм.

Илъэс 30 зи ныбжь аргуландэсым Налшык и сату щlыпlэхэм ящыщ зым щыlэу къигъуэтащ ПИН-кодыр зыкlэрыгъэпщlа банк картэ икlи абы сом мин 48-рэ кьурихри кьигъэсэбэнащ.

Iуэхур зэхагъэкl.

Пщlэ зыхуэтщl ди лъахэгъуэ!

Лей кьыфтемыхьэн, фи ахъшэр ффlэмыкlуэдын папщlэ ПИН-кодыр щхьэхуэу фхъумэ, псом нэхърэ нэхъыфlыр а бжьыгъэхэр фи гум ивубыдэнырщ.

Езыр нэхъ хуейуэ къилъытагъэнут

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лжьакlуэхэм яубыдащ «ВАЗ-2106» автомашинэр идыгъууауэ шэч зыхуащl щlалэр.

Полицейхэм зэрыжаIэмкlэ, щlалэщlэм машинэр къыщрихужьащ Бахъсэн къалэм щыlэ автотранспорт гъэувыпlэм.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Налшыкдэсыр зыубэрэжьар яубыдащ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм мазаем и 29-м зыхуигъэзащ илъэс 35-рэ зи ныбжь налшыкдэсым. Абы зэрыжиIамкlэ, Прохладнэ къалэм щыIэу ар имыцIыху щlалэм къыщыубэрэжьри и жып телефонри идыгъуащ.

Щlэпхъаджагъэр илэжьауэ шэч зыхуащlыр яубыдащ. Абы нэхъапэми суд тращlыхьауэ щытащ, езыр Прохладнэ къалэм щопсэу.

Цlыхухъэм илэжьамкlэ зиумысыжащ, идыгъуар и къаритыжащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КIэрахъуэкlэ еуащ

Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и полицейхэм яубыдащ электросетым и лэжьакlуэм езэуа щlалитIыр. Ахэр Анзорей къужажьм щыщщ, зыр нэхъапэми уголовнэ жэуапым ирашэлIауэ щытащ.

Щlалэщlэхэр Iэсэкэн район электросетым и лэжьакlуэм фlэнащ, ззэзуащ, зым ари фlэмащlэ хъури, травматикэ кIэрахъуэкlэ и ныбэм еуащ.

Къэхъуар зэхагъэкl.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Iэмэпсымэщlэ 70-м щIигъу

Гъэгум зэрыщцыкlуэ хабзэм ебэкъуахэр зытх, сурэт тезых Iэмэпсымэу республикэм и гъэзугъэм щагъэуваэкlэ 105-рэ мэхъуи, 56-р щlыпlэ хэхахэм деж щытщ, 25-р ягъэIэпхъуэурэ ящl. Зы Iэмэпсымэм жэщ-махуэм кьриубыдэу хабзэр кьызэпаудауэ 100-м щIигъу щитх кьохьу.

Мазэ гъунэгъуэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри щагъэувынущ камерэ 74-рэ. Iэщlагъэлlэхэр щогуфпсынщlащэу машинэ зезыхъэхэр, хабзэм кьигъэувахэр зымыгъэзащlэхэр, я щхьэми нэгъэущlхэми емыгупсыхэр мы Iэмэпсымэхэм нэхъ кьызэтрагъэувыIэну.

ТЕРКЪУЛ Мурат.

● Туризм

Ди зэпыщlэныгъэхэр езыгъэфlакlуэ

Китайм и блогер цlэрыIуэхэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм и хэгъэгу зыбжанэм зыщапльыхьынущ. Аэр щыIэнущ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и зыгъэпсэхупlэ зыбжанэм.

А IУэхугъуэм и гугъу щащlащ «Минводы» аэропортым иджыблагъэ щрагъэкlуэкlа пресс-конференцым. Китай блогосферэм щылажьэ цlыхуэр Кавказ Ищхъэрэм къэкlуэнэр пыщlащ «Red Wings» авиакомпаниием мы гъэм и накъыгъэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм ирихьэлIэу «Минводы - Урумчи» кхъухьлъатэ гъуэгуанэщlэ къыззрызэIуихьи.

- Кавказ Ищхъэрэм турист куэд кьытхуезышэлIэфын къэралхэм Китайр зэращыщым шэч кьытетхьэркъым, - жеIэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м маркетингымкlэ и департаментым и унафэщl Шюшайте Ренатэ. – Дэ дыщыгъуазащ Китай Цlыхубэ Республикэм и цlыхухэм Урысей Федерацэм и щlыналъэ зэмылlэужьыгъуэхэм я нэгу зыщагъэужьын, зыщаплъыхьын зэрафlэфым. Бгы лыжкlэ къэжьыхьыным дихьэххэм я бжыгъэми а къэралым иужьрей илъэсхэм хэпщlыкlыу щыхэхъуащ. А псори къэтлъытэмэ, накъыгъэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм кьызэIутхыну «Минводы - Урумчи» авиаазэпыщlэныгъэщlэм мыхьэнэшхуэ зэриIэри нэрыльагъущ.

«Минводы» дунейпсо аэропортым и унафэщl Чуев Роман зэрыжиIэмкlэ, блогтурым хэтхэм я къэлэн нэхъыщхьэр Китайм кьикI цlыхухэм зыщагъэпэсхун и лъэныкъуэкlэ Кавказ Ищхъэрэм и зэфIэкlыр здынэсыр зрагъэлъагъунырщ, щыпlэрыс лъэпкъхэм я хабзэ-бзыпхъэхэр, я шхыныгъуэхэр зыхуэдэм, нэгъуэщlхэми щыгъуазэ зыхуащlынырщ.

– Бэджэнд щыкlэу зэгурыIуэныгъэ зэтщlылIа «Red Wings» авиакомпаниемрэ дэрэ тхьэмахуэ кьэс зэ кьытезыгъэзэж дэрэ хьэмахуэ кьызэдгъэпэщынущ, - жеIэ Чуев Роман. - Ахэр тIысипIи 180-рэ зиIэ Ту-204 кхъухьлъатэхэмкlэ едгъэкlуэкlынущ. Туристхэм къищынэмыщlа, а гъэзуанэм текьэфынущ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу цlыхухэм ящыщ дэтхэнэри. Минводы уикIыу Урумчи унэсыным сихьэти 4-рэ дакьикъэ 20-рэщ ихьынур. Япэрей екьэгъуэм наIуэ къищынущ гъэуэгуанэщlэм кърикlуэнур зыхуэдэнэри. Дызэрыщыгъуэм хуэдэу кьытхуэгъэпэщмэ, гъуэгуанэщlэр Китаймрэ дэрэ ди зэхуакъ дэпъ зэпыщlэныгъэхэр нэхъри езыгъэфlакlуэ Iуэхугъуэу кьызэрыувынум шэч хэлъкъым.

Блог-турым къриубыдэу Китаймрэ щlыпlащым - Пекин, Ухань, Гуанчжоу - къикlа цlыхухэр мы махуэхэм Кавказ Ищхъэрэм и нэгузегъэужьынlэ нэхъыщхьэхэм зыщаплъыхьынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гъэмахуэри щlымахуэри и зэхуэдэщ ШащIэ Беслъэн

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2015 гъэм и щlымахуэ чемпионатыр ихуащ. Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта ижь джэгуГуэм псори я пIэ иригъэувэжащ.

ИУЖЬРЕЙ зэIущlэхэм зэхагъэкlын хуейт жэз медалхэр зыlытьысынур, гуп нэхъыщхьэм етIуанэу хагъэкlынур, гуащхьауэ нэхъ лъэрызехьэр.

Ещанэ увыпlэм щlэбэнхэм я зэпеуэм Прохладнэ и «ГорИс-179 Кавказкабель»-м и Iуэхуэхэр щынэхъыфlт. Ар адрей и хьэрхуэрэгъуэхэм зы очкокlэ апэ зэрищащ Iэмал кьритырт и натIэ хьунур езым игъэбелджылыжьыну. Апхуэдэуи ищlащ - Бахъсэн и «Автозапчасть»-м бжьгъэшхуэкlэ текIуэри, жэз медалхэр зыIэригъэхьащ.

КъБР-м и щlымахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэр зэрибгынар пасэу наIуэ хъуа «Кэнжэм» гъусэ хуэхъунур нэхъ зэхэгъэкlыгъуейт. «ЛогоВАЗ»-м лъащlыхьэфын папщlэ КъБКъУ-м и Спортфакыр Налшык и школ №31-м и футболистхэм ефIэкlын хуейт. Арщхьэкlэ студентхэр школакIуэхэм япэлъэщащхьи икIи абы и зэранкlэ гуп нэхъыщхьэр ябгынащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэри щызэхэкlар иужь дыдэ джэгуГуэращ. Абыхэм я зэхьэзэхуэм иджыри хэсс бжьыпэр щызыIыгъа «Мурбек»-м и пашэ Къалмыкъ Амур кьызэрыкlэрыху топищыр иригъэкъуэн папщlэ ШащIэ Беслъэн («Къэхъун») хуабжьу гугъу зригъэхьын хуейт. Ар абы гъуэзэджэу къэхъулIащ - Налшык и «Союз»-м иужьрей джэгуГуэм топилл щыхудигъэкlри, щlымахуэ зэхьэзэхуэм и гуащхьауэ нэхъ Iэзэ хъуащ. Къэхъун щlалэр псори зэхэту мы зэпеуэм 18-рэ къыщыхэжаныкlащ. Иужьрей тхьэмахуищым ар зэи кьызэмыхъулIа Къалмыкъ Амур топ 17 зэриIэу кьэнэжащ. Апхуэдэ щlыкlэкlэ ШащIэ Беслъэн Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ чемпионатми щlымахуэ зэхьэзэхуэми и гуащхьауэ нэхъыфI хъуащ, тIуми зэхэту 101-рэ (!) къыщыхэжаныкlри. Ар екъулIэныгъэ гъуэзэджэщ икIи зыгъуэрыбм абы къытригъэзэжыфыну фIэщ щlыгъуэйщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чемпионатым щlэзэхэта иужь джэгуГуэхэм яурикlуа бжьыгъэхэм: **«Спартак-Налшык 1999»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **1:2**, **«Спарта»** (Налшык) - **«Звезда»** (Налшык) - **1:4**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **0:3**, **«Спартак-Школа №31-Д»** (Налшык) - **«Юг-Полимер»** (Бахъсэн) - **3:0**, **«Школа №31»** (Налшык) - «Спортфак КъБКъУ» (Налшык) - **2:1**, **«Союз»** (Налшык) - **«Къэхъун»** (Къэрэгъэш) - **4:6**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Мурбек»** (Налшык) - **0:4**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **0:3**.

ХЬЭТАУИслъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чемпионатым кърикIуар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Мурбек»	15	14	0	1	36-12	42
2. «Звезда»	15	12	2	1	35-6	38
3. «ГорИс-Кавказкабель»	15	10	1	4	33-21	31
4. «Школа №31»	15	10	0	5	26-16	30
5. «Къэхъун»	15	8	5	2	27-15	29
6. «Союз»	15	8	2	5	28-29	26
7. «Спартак-Шк. №31-Д»	15	8	0	7	22-15	24
8. «Шагъдий»	15	6	2	7	26-23	20
9. «Спарта»	15	6	2	7	20-26	20
10. «Автозапчасть»	15	5	2	8	23-24	17
11. «Велес»	15	4	4	7	21-29	16
12. «Юг-Полимер»	15	3	6	6	19-33	15
13. «Спартак-Налшык 1999»	15	3	4	8	16-19	13
14. «ЛогоВАЗ»	15	2	3	10	14-33	9
15. «Спортфак КъБКъУ»	15	2	1	12	17-35	7
16. «Кэнжэ»	15	1	2	12	8-35	5

Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуэнущ:

Гъатхэпэм и 4-м
Думэн Мурадин. «Уэлий и парашют»
(Комедие)
Гъатхэпэм и 15-м
Щхьэгъэпсо Мухьэмэд. «Мыщэ и къуэ Батыр»
(Тарых)
Гъатхэпэм и 22-м
Мурат Чэпай. «Къупльыкъущlэкъуэхэр»
(Комедие)
Гъатхэпэм и 29-м
Шамхалов Мухьэмэд. «Гуащэ ябгэ»
(Комедие)
Спектаклэм щыщlидзэр сыхьэт 19-рщ.
Упщlэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкlэ:
42-64-94, 42-33-89

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Заминэ, Хьажыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядолжьэныкlэ - 42-60-53; зыхьбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм макъуауэгъуэм и I4-м Печатым и хуитныгъэр хуэмэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Щхьэщэмыщl Иэз, корректорхэу ПхытIыкI Азэмэт *(3, 4-нэ нап.)*, Афэ Тамарэ *(1, 2-нэ нап.)*, *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №274